

EGZIJANS RMV POU SÈTIFIKASYON DOKIMAN TRADUI YO

RMV a dakò aksepte dokiman ki pa nan lang anglè depi gen yon tradiksyon sètifye anvanm ak dokiman yo. Ni tradiksyon an ni sètifikasyon an dwe enprime sou papye ki gen antèt ofisyèl òganizasyon ki sètifye yo.

MOUN KI GENDWA SÈTIFYE DOKIMAN YO:

- Founisè Sèvis Lang
- Yon pwofesè bilang k ap travay nan yon kolèj, inivèsite, oswa lekòl lang prive Massachusetts sètifye
- Yon notè bilang
- Konsila lokal pou peyi kote dokiman an soti*
- Asosyasyon Tradiktè Ameriken ("The American Translators Association" ki se asosyasyon nasyonal pou tradiktè ak entèprèt pwofesyonèl yo)
- Òganizasyon ki baze nan kominote a
- Ajans Gouvènman Etazini (gouvènman eta oswa federal)
- Ajans minisipal Massachusetts
- Òganizasyon non-pwofi

SÈTIFIKASYON DWE GEN LADAN YO:

- Non tradiktè a (an lèt detache)
- Dat
- Adrès konplè tradiktè a
- Nimewo telefòn oswa adrès imèl tradiktè a
- Siyati tradiktè a
- Yon deklarasyon sou kalifikasyon tradiktè a
- Yon deklarasyon ki afime dokiman an konplè e li presi
- Idantifikasyon dokiman tradui a ak lang nan.

* Note ke se pa tout konsila yo ki ofri sèvis tradiksyon. RMV a gen yon egzanplè dokiman sètifikasyon disponib sou nèt nan [Mass.gov/doc/translation-certification-format/download](https://www.mass.gov/doc/translation-certification-format/download)

Note ke fòmèlè ki gen pou tit "Translation into English of a Foreign License" pa akseptab kòm yon pati nan aplikasyon pèmi kondui oswa lisans kondui estanda ou. Si w vle remèt yon sètifika tradiksyon anvanm ak aplikasyon pèmi oswa lisans ou, sèvi ak fòmèlè "Translation Certification Format."

Apati jiyè 2023, rezidan Massachusetts ki kalifye yo kapab jwenn yon lisans Estanda (Klas D oswa M), kèlkeswa stati imigrasyon li, selon Akò Travay ak Mobilite Fanmi a (Work and Family Mobility Act, WFMA). Pou jwenn plis enfòmasyon sou Akò Travay ak Mobilite Fanmi a (Work and Family Mobility Act, WFMA), vizite [Mass.Gov/WFMA](https://www.mass.gov/WFMA) oswa rele (857) 368-9362.

